

KHUTBAH IDUL FITRI 1442 H (EDISI BAHASA JAWA)

“SILLATURRAHMI ING SWASANA PANDEMI”

Oleh:

Drs. KH. Moh Muhsin, MH

(Ketua Yayasan Perguruan Tinggi Nahdlatul Ulama Batoro Katong Ponorogo)

Dipersembahkan:



SILLATURRAHMI ING SWASANA PANDEMI.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

- اللَّهُ أَكْبَرُ × ٩ .
- الْحَمْدُ لِلَّهِ الْوَاحِدِ الْقَهَّارِ، الْعَزِيزِ الْغَفَّارِ، مُكَوِّرِ اللَّيْلِ عَلَى النَّهَارِ، تَذَكِّرَةً لِأُولِي الْقُلُوبِ وَالْأَبْصَارِ، وَتَبْصِرَةً لِدَوِي الْأَلْبَابِ وَالْإِعْتِبَارِ، الَّذِي أَيْقَظَ مِنْ خَلْقِهِ مَنْ اصْطَفَاهُ فَزَهَّدَهُ فِي هَذِهِ الدَّارِ، وَشَغَلَهُ بِمُرَاقَبَتِهِ وَإِدَامَةِ الْأَفْكَارِ، وَمَلَاذِمَةِ الْإِتِّعَاطِ وَالْإِذْكَارِ، وَوَفَّقَهُ لِلدَّابِّ فِي طَاعَتِهِ وَالتَّأَهُيِّ لِدارِ الْقَرَارِ، وَالْحَذَرِ مِمَّا يُسْخِطُهُ وَيُوجِبُ دَارَ الْبَوَارِ، وَالْمَحَافَظَةَ عَلَى ذَلِكَ مَعَ تَغَايِرِ الْأَحْوَالِ وَالْأَطْوَارِ.
- أَحْمَدُهُ أَبْلَغَ حَمْدٍ وَأَزْكَاهُ، وَأَشْمَلَهُ وَأَنَمَاهُ.
- وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْبَرُّ الْكَرِيمُ، الرَّؤُوفُ الرَّحِيمُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ، وَحَبِيبُهُ وَخَلِيلُهُ، الْهَادِي إِلَى الصِّرَاطِ الْمُسْتَقِيمِ، وَالِدَاعِي إِلَى الدِّينِ الْقَوِيمِ. صَلَوَاتُ اللَّهِ وَسَلَامُهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَعَلَى سَائِرِ النَّبِيِّينَ، وَآلِ كُلِّ، وَسَائِرِ الصَّالِحِينَ. (أَمَّا بَعْدُ)
- فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ رَحِمَكُمُ اللَّهُ، أَوْصِيكُمْ وَأَيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ، إِتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ، فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ.
- قَالَ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ : بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ... وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا (النساء : ١) صَدَقَ اللَّهُ الْعَظِيمُ.

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Mangga kita sami tansah ningkataken taqwallah SWT. Kita tansah berusaha sekuat kemampuan, ngelampahi sedaya perintahipun saha nebihi awisan-awisanipun. Mugi-mugi kita dipun lebetaken ewonipun tiyang muttaqiin, ingkang dipun mulyaaken Allah SWT.

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Kita sami nembe mawon mungkur saking wulan ingkang mulya, wulan ingkang kebak kesaenan, kathah barokah, kathah ganjaran. Pangapuntenipun Allah SWT, dipun grojokaken dumateng kawulanipun ingkang ngginakaken wulan menika kagem ngathah-ngathahaken ngibadah. Wulan Ramadlan, pantes kawastanan **WULAN HABLUM MINALLAH**, wulan ingkang ngraketaken hubunganipun kawula dumateng Allah SWT.
- Wonten ing wekdal menika kita lumebet dateng wulan Syawal, wulan panggenanipun kita sami anjangkepi amaliyah sae sak dangune wulan Ramadlan. Pramila wulan meniko pantes kawastanan **WULAN SILLATURROHIM, WULAN HABLUM MINANNAS, mempererat tali persaudaraan.**
- Dawhipun Gusti Allah SWT. **Q;S. An-Nisa' , ayat 1:**

وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ.

"Lan wedia sira kabeh marang Gusti Allah SWT, kang kanthi asmane, sira kabeh padha butuhne antarane siji lan sijine lan sira kabeh padha nyambung paseduluran" (Q.S. An-Nisa' : 1).

• أَيُّ اتَّقُوا اللَّهَ وَاتَّقُوا الْأَرْحَامَ فَصِلُوهَا وَلَا تَقْطَعُوهَا. وَقَدْ نَبَّهَ

سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى إِذْ قَرَنَ الْأَرْحَامَ بِاسْمِهِ الْكَرِيمِ عَلَى أَنْ صِلَّتْهَا بِمَكَانٍ

مِنْهُ. (تفسير البيضاوي : ج ١ / ص ٤٢٧)

"Tegesipun wedia siro kabeh marang Gusti Allah lan wedio siro kabeh ing babakan sanak paseduluran. Mangka padha nyambung sira kabeh

marang sanak mau lan aja padha medhotake. Jer Gusti Allah wus paring pepiling kanthi jejerne antarane sanak paseduluran lan Asma Agung kangungane Gusti Allah SWT. Kang artine, nyambung sanak paseduluran iku ora adoh drajate karo ngegungake marang asma keagungane Allah SWT. (Tafsir al-Baidlowi, Juz I, halaman 427).

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Syawal ing tahun menika sajak benten kalihan syawal-syawal sak derengipun. Jer ing tahun menika, para manungsa sami nedeng-nedengipun berjuang keras menghadapi wabah penyakit ingkang rata sak donya.
- Wonten ing swasana wabah ngaten menika, ingkang langkung sae inggih sami tentrem wonten ing daerah utawi wilayahipun piyambak-piyambak, boten medal ngliwati garis wilayahipun.
- Dipun dawuhaken wonten ing setunggaling hadist Nabi :

• *عَنْ عَائِشَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهَا قَالَتْ قَالَ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ... لَيْسَ مِنْ أَحَدٍ يَقَعُ الطَّاعُونَ فَيَمُوتُ فِي بَلَدِهِ صَابِرًا مُحْتَسِبًا يَعْلَمُ أَنَّهُ لَا يُصِيبُهُ إِلَّا مَا كَتَبَ اللَّهُ لَهُ إِلَّا كَانَ لَهُ مِثْلُ أَجْرِ شَهِيدٍ. (صحيح البخاري: ج ١١ / ص ٢٩٣).*

"Dipun riwayataken saking Dewi 'Aisyah RA, bilih Rasulullah SAW paring dhawuh 'Yen ana wong kang ketekanan wabah banjur dheweke gelem tentrem ana ing daerahe kanthi sabar lan ngarep-ngarep ganjaran saking Gusti Allah, jer dheweke ngerti yen sak temene ala wae kang ngenani dheweke iku kabeh wus den tetepaken deneng Allah SWT, mangka wong mau bakal pikantuk ganjaran kang madhani ganjarane wong kang mati syahid (HR. Bukhari).

- Dipun jelasaken wonteng ing kitab **Hsyiyah Al-Qalyubi** :

• *(فَرَعٌ) يَحْرُمُ دُخُولُ بَلَدِ الطَّاعُونَ وَالْخُرُوجُ مِنْهَا بِلَا حَاجَةٍ لِرُجُودِ النَّهْيِ عَنْ ذَلِكَ. (حاشيتا قليوبي - وعميرة: ج ٤ / ص ٤١٥).*

"Sak perangan keterangan, haram hukumipun mlebet dateng daerah wabah, ugi medal saking daerah kala wau, keranten wontenipun awisan tumrap hal menika. (Hasyiyah Al-Qalyubi : IV/415)

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Merangake kawontenan ingkang bertentangan, **setunggal pentingipun sillaturrohim ing dinten riyadin lan setunggale malih inggih menika kahanan wabah ingkang dereng ical ngantos sak menika**, pramila kita kedah berfikir saha bertindak secara bijaksana kanthi nindakaken samukawis secara '**Aham fal Aham**' mendahulukan yang lebih penting dari yang penting dan mendahulukan yang penting dari yang kurang penting; Jer cara meniko ingkang langkung sae lan bijaksana.
- Dipun dawuhaken wonten ing kitab Nadzmud Duror :

• قَالَ : الشَّيْخُ إِبرَاهِيمُ بْنُ عُمَرَ بْنِ عَلِيٍّ بْنِ أَبِي بَكْرٍ الْبِقَاعِيُّ : لَمَّا كَانَ الْعَاقِلُ مَنْ قَدَّمَ فِي كُلِّ أَمْرٍ " الْأَهَمَّ فَالْأَهَمَّ " فَمَيَّزَ بَيْنَ خَيْرِ الْخَيْرَيْنِ فَاتَّبَعَهُ. (نظم الدرر : ج ٧ / ص ٢٥٤)

"As-Syekh Ibrahim bin Umar bin Ali bin Abi Bakar al-Biqa'i, paring dhawuh 'Naliko ana wong kang sehat akale, dheweke dhisikake sing luwih penting ing antarane sing penting ana ing sadhengah urusan, sahingga dheweke isa milah-milih ing antarane perkara apik lan apik, mangka wong mau dherekna. (Nadzmud Duror : VII/254).

- Kanti prinsip '**aham fal aham**', pramila perkawis ingkang hukumipun fardlu dipun riyenaken saking perkawis ingkang wajib, perkawis wajib dipun riyenaken saking perkawis sunnah lan sunnah dipun riyenaken saking fadlo'il.

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Menawi kita manggihaken setunggaling perkawis sak perangan merintahaken lan sak perangan malih ngelarang, mangka ingkang langkung sae inggih nebihi perkawis menika.
- Ulama' ahli Ushul ngendika'aken :

- إِنَّ الْمُحْرَمَ إِذَا عَارَضَهُ الْوَاجِبُ قُدِّمَ عَلَى الْوَاجِبِ ؛ لِأَنَّ رِعَايَةَ دَرِّءِ الْمَفَاسِدِ أَوْلَى مِنْ رِعَايَةِ حُصُولِ الْمَصَالِحِ. (أنوار البروق: ج ٨ / ص ٢٨١)

"Yen ana perkara kang dadi perselisihan, antara hukum haram lan hukum wajib, mangka kudu den hukumi haram, ora keno dihukumi wajib. Jer ngreksa saking kerusakan iku luweh penting tinimbang ngupadi anane kemaslahatan" (**Fi Anwa'il Furuq : VIII/281**).

- Umpaminipun lebaran kanti anjangsana dari rumah ke rumah, sak perangan merintahaken sebab meniq bentuk saking sillaturrohim, nanging sak perangan ngelarang, sebab bebayani wonten ing zaman pandemi menika. Pramila ingkang langkung sae inggih tetep sillaturrohmi nanging boten mawi anjangsana, jer menghindari mafsadah langkung dipun riyenaken katimbang nguber wontenipun maslahat.
- Mangga kita sami tafakkur lan tadzakkur wontenipun dhawuh dalem Allah SWT wonten ing **Surat al-Isra', ayat 29** :

- وَلَا تَجْعَلْ يَدَكَ مَغْلُولَةً إِلَىٰ عُنُقِكَ وَلَا تَبْسُطْهَا كُلَّ الْبَسْطِ فَتَقْعُدَ مَلُومًا مَّحْسُورًا (الاسراء : ٢٩)

"Lan sira aja andadek'ake tangan sira den banda ana ing gulu sira, semono uga aja bukak kelawan sekabehe bukak, mangka sebabe sira bakal tuna lan nelangsa" (**Q.S. Al-Isra' : 29**).

Artosipun boten kengeng njitep ndipet ndelik ndepis, lawang omah tutup krekep, wong nggih wayahe bada, nanging ugi boten pareng umbar-umbaran. Wosipun mejana; lan tumindak kanthi waspada.

Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah.

- Mugi-mugi kita tansah pikantuk perlindungan saha Rahmat ingkang kathah saking ngarsanipun Allah SWT. Pinaringan tetep iman lan Islam istiqomah ngibadah, ingdalem swasana menapa kemawon. Amiin.

- بَارِكْ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ بِآيَةِ الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ، وَنَفَعَنَا وَلَكُمْ بِتِلَاوَتِهِ وَفَهْمِهِ وَبِحِفْظِ مَعَانِيهِ الْعَظِيمِ : أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ

الرَّجِيمِ : وَالْعَصْرِ (١) إِنَّ الْإِنْسَانَ لَفِي خُسْرٍ (٢) إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا
الصَّالِحَاتِ وَتَوَاصَوْا بِالْحَقِّ وَتَوَاصَوْا بِالصَّبْرِ (٣).

• وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ أَرْحَمَ الرَّحِيمِينَ . ❀❀❀

الخطبة الثانية لعيد الفطر.

الله اكبر ٧ ×

◆ الْحَمْدُ لِلَّهِ الْمُنْفَرِدِ بِالذَّوَامِ . الْبَاقِي بَعْدَ فَنَاءِ الْأَيَّامِ . الْمُوْجِدِ لِلْخَلْقِ بَعْدَ الْعَدَمِ . الْمُفْنِي لَهُمْ بَعْدَ أَنْ ثَبَّتَتْ أَعْمَالُهُمْ فِي الصُّحُفِ كَمَا جَرَى بِهِ الْقَلَمُ . الْعَالِمِ بِمَا انْطَوَتْ عَلَيْهِ أَسْرَارُهُمْ فِي الْحَالِ وَفِي الْقَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ شَهَادَةً عَبْدٍ مُضْطَرِّ إِلَيْهَا عِنْدَ زَلَّةِ الْقَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَرْسَلَهُ إِلَى أَكْرَمِ الْأُمَمِ . وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ .

◆ وَبَعْدُ . فَاتَّقُوا اللَّهَ وَافْعَلُوا الْخَيْرَ وَاجْتَنِبُوا الْفَوَاحِشَ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ . قَالَ تَعَالَى فَهُوَ أَصْدَقُ الْقَائِلِينَ : إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا . اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ فِي الْعَالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ .

◆ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ ، اللَّهُمَّ أَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا ، وَأَلْفَ بَيْنَ قُلُوبِنَا ، وَاجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا الْإِيمَانَ ، وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا عَلَى مِلَّةِ رَسُولِكَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ، وَانصُرْنَا عَلَى عَدُوِّكَ وَعَدُوِّنَا وَاجْعَلْنَا مِنْ عِبَادِكَ الصَّالِحِينَ ، بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّحِمِينَ . آمِينَ .

♦ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ
رَبِّ الْعَالَمِينَ.

